



## Moun Aje yo Ta Dwe Pran Vaksen Kont COVID-19, Grip, ak RSV

Viris respiratwa, tankou COVID-19, grip, ak viris sensisyal respiratwa (respiratory syncytial virus, RSV) simaye lè moun touse, estène ak respire, epi yo parèt pi souvan nan sezon otòn ak ivè. Genyen nouvo vaksen pou pwoteje moun kont COVID-19, grip ak RSV. Si ou se yon moun aje (ou gen 65 lane oswa plis), al pran vaksen pi vit ou kapab pou w asire ou gen pwoteksyon.

### Ki vaksen mwen bezwen pou mwen pwoteje tèt mwen?

Ou ta dwe pran yon vaksen ki ajou kont COVID-19. Li vin disponib nan mwa septanm 2023. Epitou, ou ta dwe pran yon vaksen kont grip chak ane, menm si ou te pran vaksen deja. Yo mete vaksen kont COVID-19 yo ajou pou yo ka pwoteje ou kont varyant viris la yo ki la jounen jodi a epi pou ranfòse pwoteksyon ou, ki kapab diminye avèk tan k ap pase. Yo mete vaksen kont grip la ajou chak ane pou pwoteje ou kont souch yo ki pral simaye yo.

Ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante ou pou w pran yon vaksen RSV, ki disponib pou moun ki gen 60 lane e plis yo. Se premye ane vaksen RSV yo disponib. Epitou, ou ta dwe mande pwofesyonèl swen sante w la si w te pran tout lòt vaksen yo, tankou vaksen nemokòk, ki bay pwoteksyon kont kèk enfeksyon bakteri lakoz, tankou nemoni.

### Poukisa li enpòtan pou moun aje yo pran vaksen?

Moun aje yo gen plis risk pou yo malad grav, entèn lopital epi mouri nan COVID-19, grip ak RSV. Kèk pwoblèm sante ki kache, tankou maladi ren kwonik, maladi kè, maladi poumon ak dyabèt, ogmante risk pou yo malad grav akoz viris sa yo.

Dènye chif yo Etazini montre gen anviwon 70% a 85% moun ki gen 65 lane e plis ki mouri nan grip, 50% a 70% entèn lopital pou grip epi gen plis pase 75% ki mouri nan COVID-19.

### Ki vaksen kont COVID-19 mwen ta dwe pran, epi konbyen dòz mwen dwe pran?

Ou kapab chwazi ki vaksen pou pran, kèlkeswa vaksen ou te pran oparavan. Tout vaksen ki ajou yo fèt pou pwoteje ou kont menm varyant yo.

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) rekòmande pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis resevwa yon lòt dòz nenpòt vaksen ki ajou omwen kat (4) mwa aprè piki anvan yo. Si w gen si sistèm defans ou gen ti pwoblèm oswa gwo pwoblèm, mande founisè w la si yo rekòmande plis dòz.

### Ki vaksen kont grip mwen ta dwe pran ane sa a?

Moun ki gen 65 lane e plis yo ta dwe pran yon dòz nan vaksen kont grip ki gen gwo dòz, adjivan oswa rekombinan paske vaksen sa yo aji pi byen kay moun aje yo.

## **Èske gen efè segondè nan vaksen kont COVID-19, vaksen kont grip ak vaksen RSV yo?**

Kay pifò moun, efè segondè yo pa twò grav epi yo disparèt nan kèk jou. Efè segondè moun genyen souvan yo se doulè nan bra, tèt fè mal, kò fè mal ak fatig. Ou pa kapab pran COVID-19, grip oswa RSV nan vaksen yo.

### **Ki kote mwen kapab pran vaksen an?**

Mande pwofesyonèl swen sante w la si li bay vaksen. Epitou, genyen plizyè santèn sit vaksinasyon, tankou famasi yo, nan vil la kote yo bay vaksen kont COVID-19 ak vaksen kont grip san randevou. Pou w jwenn yon sit vaksinasyon, ale sou [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele nan 212-268-4319. Yo bay vaksen RSV a nan anpil sant sante. Ou kapab pran li nan kèk famasi si pwofesyonèl swen sante w la preskri w li.

### **Èske asirans sante mwen an ap peye pou vaksen an?**

Medicare, Medicaid ak pifò plan sante peye pou vaksen kont COVID-19, vaksen kont grip, vaksen RSV ak lòt vaksen yo san kotizasyon oswa lòt pataj frè. Asire w ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki pran asirans ou an.

### **E si mwen pa gen asirans?**

Gen vaksen kont COVID-19 gratis ki disponib pou moun ki pa gen asirans oswa ki gen asirans ki limite. Pou w jwenn yon sit ki bay vaksen gratis, ale sou [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov), klike "Any insurance" (Nenpòt asirans) nan lis ki dewoule a pou wè opsyon "no cost" (gratis) la.

### **Èske mwen kapab pran vaksen kont COVID-19, grip ak vaksen RSV a an menm tan?**

Wi, ou kapab pran toulètwa vaksen yo an menm tan.

### **Èske mwen kapab toujou pran COVID-19, grip oswa RSV si mwen te pran vaksen?**

Wi. Byenke vaksen yo diminye risk pou w trape enfeksyon an, ou kapab toujou pran li, sitou si gen plis tan ki pase depi lè ou te pran vaksen an. Men, si ou vin enfekte, vaksen yo ap diminye sentòm yo ak risk konplikasyon yo, ki gen ladan yo entène lopital ak lanmò. Epitou, vaksen kont COVID-19 yo diminye risk pou gen COVID long (sentòm ki dire plizyè mwa oswa pi lontan apre enfeksyon COVID-19).

Si ou gen sentòm virus respiratwa, tankou tous, nen koule, nen bouche, malgòj, lafyèv oswa kò fè mal, kontakte pwofesyonèl swen sante w la tousuit pou fè tès. Gen medikaman ki disponib pou moun aje ki gen COVID-19 oswa grip, epi tretman an pi efikas lè w kòmanse pran yo bonè. Pa gen okenn tretman espesifik pou RSV a, men pwofesyonèl swen sante yo ka preskri medikaman pou redui sentòm yo.

Si w pa gen yon pwofesyonèl swen sante, kontakte NYC Health + Hospitals Virtual ExpressCare sou [expresscare.nyc](https://expresscare.nyc) oswa rele nan 631-397-2273.

### **Ki lòt mezi mwen kapab pran pou mwen pwoteje tèt mwen kont virus respiratwa yo?**

Ou ta dwe mete yon mask ki byen chita nan figi ou lè w anndan yon kote ki gen foul moun. Yon mask kalite siperyè, tankou mask N95, KN95 oswa KF94, bay pi bon pwoteksyon. Epitou, ou ta dwe lave men ou epi evite manyen je ou, nen ou, ak bouch ou avèk men ou san lave.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, grip ak RSV, ale sou [on.nyc.gov/covid-flu-rsv-faq](https://on.nyc.gov/covid-flu-rsv-faq).